



## Èske ou gen yon andikap?

**Èske ou bezwen èd avèk aplikasyon, re-konfimasyon oswa lòt kondisyon pwogram nan?**

Si li difisil pou satisfè kondisyon Administrasyon Resous Imèn (Human Resources Administration, HRA) akòz yon pwoblèm medikal, yon pwoblèm sante mantal oswa lòt kalite pwoblèm, nou kapab ede ou.

HRA angaje li pou ede ou jwenn sèvis nou yo. Si ou gen yon andikap, HRA kapab ede ou avèk sipò oswa aranjman n ap ba ou pou fè li pi fasil pou ou pou jwenn sèvis ou bezwen yo. Kalite èd sa a rele aranjman rezonab.

### Ki egzanp aranjman rezonab ki genyen?

Men kèk egzanp aranjman rezonab HRA ofri pou moun ki andikape:

- Pran randevou ou yo alè pou evite depasman nan lè ki gen anpil aktivite
- Diminye kantite tan pou rete ap tann nan Biwo HRA yo
- Bay yon entèprèt langaj siy
- Ede ou li ak ranpli fòm yo
- Vizit nan kay, si li nesesè

### Men kèk egzanp pwoblèm ki ka lakòz ou bezwen yon aranjman rezonab:

- Twoub pou wè, pou pale oswa pou tande
- Pwoblèm medikal tankou atrit, kansè, esklewoz miltip, maladi kè, siwoz, oswa VIH/SIDA
- Andikap devlòpmantal oswa andikap pou aprann
- Pwoblèm sante mantal tankou twoub bipolè, depresyon klinik, twoub gwo-gwo enkyetid, oswa eskizofreni

### **Kijan pou mwen mande yon aranjman rezonab?**

- Ou kapab mande yon aranjman rezonab nan nenpòt biwo oswa pwogram HRA.
- Ou kapab mande yon aranjman rezonab depi ou rele Biwo Sèvis Elektè (Office of Constituent Services, OCS) nan nimewo (212) 331-4640.
- Ou kapab ranpli ak soumèt fòm Demann Aranjman Rezonab (Reasonable Accommodation Request, RAR) oswa ou kapab fè demann pa ou alekri. Ou kapab jwenn yon kopi fòm sa a nan Biwo HRA lokal oswa depi ou rele OCS nan nimewo ki endike anwo a.

### **Telechaje fòm nan sou sitwèb**

[nyc.gov/site/hra/help/disability-access.page](http://nyc.gov/site/hra/help/disability-access.page)

### **Ki kote mwen kapab soumèt yon fòm Demann Aranjman Rezonab (RAR) oswa yon demann aranjman alekri?**

Ban nou fòm RAR ou ki ranpli a oswa demann alekri ou nan biwo HRA lokal ou; **OSWA** Imèl demann alekri ou oswa RAR ou ranpli a, voye li pa lapòs oswa fakse li nan:

#### **Human Resources Administration**

#### **Office of Constituent Services**

**150 Greenwich St. 35th Floor**

**New York, NY 10007**

**Fax: (212) 331-4685 OR (212) 331-4686**

[constituentaffairs@hra.nyc.gov](mailto:constituentaffairs@hra.nyc.gov)

Ou pa bezwen ban nou prèv pwoblèm ou nan moman demann lan. Nou ka mande ou pou ban nou kèk dokiman medikal oswa klinik pita.

### **Kisa pou mwen fè si mwen bezwen èd pou ranpli fòm nan?**

Si pwoblèm ou fè li difisil pou ou pou ranpli fòm RAR oswa pou soumèt demann ou, kontakte OCS pou jwenn èd nan nimewo (212) 331-4640.

### **Kijan m ap konnen si yo apwouve demann mwen?**

HRA ap revize demann lan epi n ap deside si yon aranjman rezonab apwopriye.

N ap kontakte ou pou fè ou konnen desizyon nou. Ou kapab rele nimewo (212) 331-4640 pou konnen sitiyasyon demann ou.

### **Kisa pou mwen fè si mwen itilize yon telefòn tèks (text telephone, TTY) oswa telefòn transmisyon vokal (voice carry-over, VCO)?**

Ou kapab rele nou avèk sèvis relè telefòn depi ou konpoze 7-1-1 oswa 1 (800) 662-1220.

Answit konekte nan OCS nan nimewo (212) 331-4640.

## **RÈGLEMAN ANTI-DISKRIMINASYON**

### **Kisa pou mwen fè si mwen santi yo te trete mwen yon fason enjis akòz andikap mwen?**

Si ou panse oumenm oswa yon moun nan fanmi ou te viktim diskriminasyon nan HRA akòz yon andikap, ou ka voye yon plent nan lèt, faks, oswa imèl plent lan ba:

**Jennifer Shaoul**

**Executive Director of Disability Affairs**

**Human Resources Administration**

**Office of Client Advocacy and Access**

**150 Greenwich Street – 42nd Floor**

**New York, NY 10007**

**Fax: (212) 437-2161**

**Email: [shaoulj@hra.nyc.gov](mailto:shaoulj@hra.nyc.gov)**

**Oswa ou kapab rele Inite Santral Plent (Central Complaint Unit) nan nimewo (718) 291-4141**

**Kisa mwen ta dwe mete si m ap fè yon plent?**

- Non ou, adrès postal ou, ak nimewo telefòn ou
- Nimewo dosye HRA ou, si ou genyen li
- Yon deskripsyon sa ki te pase a epi kote ak lè li te pase
- Non ak tit djòb anplwaye HRA ki konsène, si ou genyen yo
- Biwo, pwogram oswa sèvis HRA ki konsène

HRA angaje pou asire aksè serye nan pwogram ak sèvis pou moun andikape yo dapre Lwa 1990 anfavè Ameriken Andikape (Americans with Disabilities Act, ADA) ak lòt lwa.

© Dwa-dotè 2016, Minisipalite Vil New York. Administrasyon Resous Imèn (Human Resources Administration)/Depatman Sèvis Sosyal (Department of Social Services). Pou jwenn pèmisyon pou repwodui tout oswa yon pati nan dokiman sa a, kontakte Administrasyon Resous Imèn vil New York.